

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis kecap basa wewengkon Kuningan di Kecamatan Cigandamekar dina BAB IV bisa dicindekeun yén tina jumlah 500 kandaga kecap basa lulugu nu dipaké instrumén panalungtikan ngahasilkeun 122 (24,4%) kecap wewengkon Kuningan di Kecamatan Cigandamekar anu kapanggih téh aya 84 (68,85%) nu kaasup kecap asal, 38 (31,15%) nu kaasup kecap rékaan. Tina 38 (31,15%) nu kaasup kecap rékaan nu kapanggih aya 16 (42,11%) kecap rundayan, 14 (36,84%) kecap rajékan, jeung 8 (21.05%) kecap kantétan. Anapon aya wangun kecap rekan.

Kecap rundayan diwangun ku proses morfologis rarangkén hareup (*ka-, pang-, di-, ti-, jeung N-*), rarangkén tukang (*-an*), rarangkén barung (*pa- -anga*), jeung rarangkén gabung (*N- -an, di- -an*). Fungsi kecap rundayan nu ngawengku kecap barang (*nomina*) jumlahna aya 4 , kecap pagawean (*verba*) jumlahna aya 7, kecap sipat (*ajéktiva*) jumlahna aya 4, kecap pancén jumlahna aya 1.

Kecap rajékan nu ngawangun kecap barang dwimurni jumlahna aya 2, kecap dwimurni binarung rarangkén jumlahna aya 1, kecap barang dwipurwa jumlahna aya 8, jeung dwipurwa binarung rarangken jumlahna aya 2.

Kecap kantétan nu diwangun ku kecap barang jeung kecap barang (KB+KB) sarta kecap barang jeung kecap sipat (KB+KS).

Kecap wewengkon nu jumlahna 122 téh diinventaris kana 114 peta sebaran kecap, sabab kapanggih aya dalapan kecap anu ngabogan harti sarua miboga

(sinonim) nya éta kecap dekon jeung dengon padanan kecap luluguna ‘kajeun’ jeung kecap rampéyé, jeung rongé-rongé nu padanan kecap luluguna ‘rampeyek’jst.

Tina hasil panalungtikan nu geus di analisis dijieun bahan pangajaran. Bahan pangajaran kandaga kecap basa Sunda wewengkon Kuningan di Kecamatan Cigandamekar kasup kana pengembangan materi nu ngacu kana pedoman materi kabahasan jeung materi keterampilan *berbahasa*. Bahan pangajaran disaluyukeun kana standar kompetensi jeung kompetensi dasar mata pelajaran basa jeung sastra Sunda nu dikaluar keun ku Dinas Pendidikan Propinsi Jawa Barat, Kukituna basa Sunda wewengkon Kuningaan di Kecamatan Cigandamekar bisa dipaké sarta dijadikeun bahan pangajarn kandaga kecap di SMA anu miboga fungsi pikeun ningkatkeun kualitsa pembelajaran satrta miboga tujuan pikeun nambahann pangaweruh jeung kamampuh siswa dina ngagunakeun basa wewengkon Kuningan dina kahirupan sapopoé.

## 5.2 Saran

Ieu panalungtikan kawilang sederhana kénéh, sabab ngan saukur nganalisis kecap-kecap wewengkon Kuningan di Kecamatan Cigandamekar nu kapanggih tina hasil wawancara 6 désa nu aya di Kecamatan Cigandamekar. Kukituna perlu panalungtikan séjen perkara basa wewengkon Kuningan nu leuwih jembar, nya éta basa wewengkon Kuningan nu ngwengku sa-Kabupaten Kuningan.

Bahan pangajaran kandaga kecap di sakola-sakola di Kuningan bakal leuwih hadé lamun medar ngeunan kandaga kecap anu aya di wewengkon siswa

sewang-sewangan. Ku cara kitu siswa dipiharep miboga kareueus, miara tur ngamumulé basa wewengkona sewang-sewangan. Jaba ti éta, guru ogé ngawanohkeun kandaga kecap basa Sunda wewengkon ka para siswana.

Bahan pangajaran dina ieu panalungtikan kakara dina rarancang pangajaran wungkul. Kukituna perlu panalungtikan séjen anu ngujicobakeun bahan ajar kandaga kecap wewengkon Kuningan di sakola-sakola nu aya di Kabupaten Kuningan.



## DAFTAR PUSTAKA

- Arikunto, Sukarsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Peraktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2003. *Lingistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul & Agustin. 2004. *Sosiolinguistik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Departemen Pendidikan Nasional UPI. 2008. *Pedoman Penulisan Karya Ilmiah*. Bandung: UPI.
- Depdiknas. 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Pusat Bahasa Edisi Keempat*. Jakarta: Depdiknas.
- Dinas Pendidikan. 2006. *Stanadar Kompetensi dan Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda*. Bandung: Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat.
- Damayanti, yanti. 2006. *Basa Sunda Dialek Cisaat Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP*. Bandung: JPBD
- JPBD. (2008). *Palanggeran Éjahan Basa Sunda*. Bandung: Sonagar Press
- Keraf, Gorys. 1984. *Linguistik Babandingan Historis*. Jakarta: FPBS IKIP Jakarta.
- Kridalaksana, Harimurti. 1993. *Kamus Linguistik*. Jakarta: PT. Garamedia Pustaka Utama.
- Kusharyati. dkk. 2005. *Pesona Bahasa Langkah Awal Memahami Linguistik*. Jakarta: PT. Garamedia Pustaka Utama.
- LBSS.1994. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Ternate.
- Nazir, Moh. 2003. *Metode Penelitian*. Jakarta Gahalia Indonesia.

- Pateda, Mansoer.1987. *Sosiolinguistik*. Bandung: Angkasa.
- Ramlan. 1985. *Morfologi Suatu Tinjawan Deskriptif*. Yogyakarta: CV. Karyono
- Rizki, Desi Maulian , 2007. *Basa Sunda Dialek Kecamatan Langensari Kota Banjar*. Bandung: JPBD
- Rohaedi, A. (1983). *Dialektologi Sebuah Pengantar*. Jakarta: Pusat Pembinaan Pengembangan Bahasa Departemen dan Kebudayaan
- Rosmana, Iyos Ana. 2004. Morfologi Basa Sunda. Bandung: JPBD FPBS UPI
- Sudaryat, Yayat. 2002. *Kamus Istilah Élmuning Basa Sunda*. Bandung: CV. Karya Iptek.
- \_\_\_\_\_. 2004. *Élmuning Basa*. Bandung: CV. Walatra.
- \_\_\_\_\_. 2003. *Ulikan Semantik Basa Sunda*. Bandung: CV. Geger Sunten.
- \_\_\_\_\_. 2003. *Ulikan Wacana Basa Sunda*. Bandung: CV. Geger Sunten.
- \_\_\_\_\_, Spk. 2007. *Tata Basa Sunda Kiwari*. Bandung: Yrama Widya
- Suyatna, Amir. 2002. *Pengantar Metodologi Penelitian Pendidikan dan Pengajaran Bahasa*. Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Indonesia dan Basa Daerah FPBS UPI.

